

ZVEKUNAMATA ZUVA NEZUVA

CHINYORWA

1

Ndira
2021

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA
KWETE KUTENGESWA

IRI BHUKU RATOSHADHARIRWA
NEVATAKABATANA NAWO SAKA
RINOGONA KUGOVERWA KWEMAHARA

SEMUYIRA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBYA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



Become a

GoodNewsWorld

PARTNER

PARTNER NOW AND HELP SPREAD THE **GOODNEWS** OF JESUS CHRIST WORLDWIDE

UEBERT na BEBE ANGEL

Uebert na BeBe Angel vashumiri veshoko raMwari vane mukurumbira pasi rese uye vave nemakore akawanda vachiita basa iri. Ndivo vakatanga kuparidza pamusoro penyasha dzakawanda dzaMwari pasi rese vachishandisa chiporofita mukuparidza kwavo, muchirongwa chinozvikwanwa chichinzi (Euaggelion).

Pahuviri hwavo vanyora mabhuku anemukurumbira zvikuru anosanganisira anoti, Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe akadaro. Uebert na BeBe Angel vane mbiri zvakare yekukokwa nenyika dzakasiyana siyana kumisangano inopindwa nevanhu vakawanda kuti vatungamire sevaturiri pamisangano iyi, sezvo vaine hunyanzvi hwekutaura maonero avanoita shoko raMwari vasingatyi, izvo zvinokurudzira nekusimudzira vanhu vakawanda. Sevaturamiri nevavambi vekereke yeGood News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita makuru aMwari, hushumiri hwavo hwashandura hupenyu hwamamiriyoni akawanda evanhu, kuburikidza neshungu dzavainadzo dzekutendeutsa vanhu kuti vade Mwari, vachiratidza nyasha dzakawanda dzaMwari idzi, mukushumira kwavo muchirongwa ichi che (Euaggelion).

**Isaya 43:18**

Musafunga zvakare. Tarirai ndichaita chinhu chitsva chobuda zvino hamungachizive here ndichaita nzira murenje nenzizi musango.

Tave mugore idzva iro ratiunzira zvisiwo zvitsva, zvinangwa zvitsva uye netaririro idzva. Kunyangwe zvakadaro kune vaitendi vakawanda vasingade kusiyana nezvakaitika kare muhupenyu hwavo, vanoramba vakabatirira munezvapakafura kare.

Shoko redu ranhasi riri kutiudza kuti hatifanirwe kukoshesa zvinhu zvakaitika zvikapfura kare kana kufunga nezvazvo! Vamwe vanhu vanoramba vachifunga pamusoro pekukanganisirwa kwavakaitwa kana kurwadziwa kwavaaitwa. Vamwe vanoramba vachifung pamusoro pezvavakanganisa ivo amene, uye vamwe vanorangarira pavakatadza

kufunga vakaita zvinhu zvisina musoro, vatora zvese izvi vopinda nazvo mugore idzva. Zvichakadaro, makore anorambawo achipindana, zvinhu izvi zvichienderera mberi zvichiitika gore negore, zvoonzeresa kuti munhu arambe ari panzvimbo imwe chete pasina chirikufamba. Mhedzisiro yacho ndeyekuti anorarama hupenyu hwakare, hupenyu hwake hwomira, asisabudirire. Bvumira kuti Mwari vaite chinhu chitsva muhupenyu hwako, sekuvimbisa wavakaita mushoko ravo. Vape mukana wekugadzirisa zvese zvinenge zvakanganisika muhupenyu hwako. Bvisa zvinhu zvakare munharaunda mauri, kuitira kuti ugadzirire kuuya kwezvitsva. Mifungo yauchaita mumasvondo makumi mashanu nemaviri arikutevera ndiyo ichaita kuti ubudirire. Ngatibvumirane kubvira nhasi kutanga zvinhu zvitsva, uye patsva. Tirikunzwanana here?

Chiporofita Chekutura

Gore rino igore rezvakafanana naMwari. Ndichaita mabasa makuru kore rino. Ndirikutsidza kuti pane chitsauko chitsva chekubudirira chavhurwa muhupenyu hwangu kubvira nhasi, nezita raJesus.

Mavhesi Ekuverenga

Muparidzi 7:10

**Mateo 6:22-23**

Mwenje wemuviri iziso zvino kana ziso rako rakanaka muviri wako wese uchavhenekerwa. Asi kana ziso rako rese rakaipa muviri wako wese uchava nerima. Zvino kana chiedza chirirmauri riri rima, rima iro iguru sei!

Mazuva ano zvinhu zvekuona kwese kwese zvakanandiswa uye huipi hwawanda. Pazvivhitivhiti pano shambadzwa huipi, kwoti mumanharembosha pane huipi, mumigwagwa kwese kwese kune huipi huri kungoshambadzwa. Meso edu aya, akagadzirwa nenzira inoshamisa uye anoshanda kubvira patinongopepuka kusvilara patinorara, achingotora mifananidzo yezvirimunharaundamatinenge tiri kubvira patinongo avhura kusvika patinoavhara.

Unoona, shoko redu nhasi riri kutiyambira pamusoro pezvinhu zvatinoona nemeso edu. Ririkuti zvatinoona izvi zvinogona kunge zviine chiedza zvichikonzeresa kuti tikomborerwe, kana kuti rima zvichikonzeresa kuparara kwedu. Naizvozvo, zvakanakisa kuti tiite sarudzo yakanaka pamusoro pezvatinotarisa. Usangotarisa kana kuonaona zvese zvese asidzida kutarisa zvinhu zviitsvene zvinehumwari mazviri nguva dzese. Ndakambosangana nemumwe murume uyo akandiudza kuti achirimwana mudiki akatarisa mifananidzo yezvinyadzi yakange yaunzwa nemumwe waaidzida naye kuchikoro. Murume uyu akati kubvira musi waakaona mifananidzo iyi, yakabva yadyara mhodzi yakaipa mumweya wake iyo yakakonzeresa kuti aite tsika yekugara achiona mifananidzo yezvinyadzi nguva dzese, uye anoti izvi zvakanakisa zviri maari kunyangwe paakazoorora. Zvakamuforera makore akawanda ekuverenga shoko raMwari nekuzvipira kuna Mwari kuti tsika iyi ibude maari. Ngwarira zvaunoona nemeso ako. Chengetedza maziso ako utarise zvinhu zvine huMwari chete nguva dzese. Rangarira nguva dzese kuti wakafanana naMwari – ndozvauri!

Chiporofita Chekutaura

Meso angu anoramba akatarisa kuna Kristu. Hakuna rima rinokwanisa kundimisa. Ndakasimba munashe, uye zvichagara zvakanakisa kudzamara nekusingaperi nezita raJesu!

Mavhesi Ekuverenga

Mapisarema 121:1



2 VaKorinte 4:4

Kunavasingatendi vakapofomadzirwa ndangariro naMwari wenyika ino kuti varege kuvhenekerwa nechiedza chevhangeri yekubwinya kwaKristu uri mufananidzo waMwari

Shoko ranhasi ririkutsinhira nyaya inorambwa nevatendi vakawanda kana kuti yavasinganzwisise kusvikira nanhasi. Nyaya iripo ndeyekuti wakaipa ndiye mwari wepasi rino. Adamu na Eva vakapahukuru hwavo kune wakaipa apopavakamupa mhosva, iye ndokuramba akanyarara zvakaita kuti abva atora hushe hwavo. Wakaipa haana waakapomera mhosva sezvo ainzwisisa kuti pakusaramba mhosva apa, hukuru hwaitobva hwabva kuna Adamu huchiuya kwaari. Wakaipa akashandisa hukuru hwaakapihwa uhwu kuti apofamadze avo vanosarudza kusatenda muhushe hwaMwari.

Kurwisana kuri kuitika pakati paMwari newakaipa hakusitombori pamusoro pekuti mukuru ndiani kwete,sezvo wakaipa achinyatsoziva kuti akasikwa naMwari. Saka, hapana paanganzi mukuru kudarika musiki wake.Hondo iripo pakati paMwari newakaipa apa ndeyekuda kunamatwa! Shoko rinoti nguva yakwana zvino yekuti vanamati vechokwadi vachange vachinamata Baba varikudenga, mumweya nemuchokwadi, nekuti babavedu varikudenga varikutsvaga vanomunamata nemutowo uyu.

Mwari varikuda vanovanamata chete. Sakausatorwe mwoyo nezvinofadza zvepanyika wotanga kunamata izvo kunge usingazive zvauri. Ngwarira nekuti chinhu chaunopanguva yako yakawanda, ndicho chauri kutonamata, naizvozvo urikutotambira mumaoko aSatani. Usawire mazvirii!

Chiporofita Chekutura

Ini ndirimunamati wechokwadi waMwari Handimbofa ndakavaraidzwa nezvinhu zvepanyika ino. Mwoyo wangu wakaperera kuna Mwari uye zvicharamba zvakadaro kudzamara nekusinga peri nezita raJesu!!

Mavhesi Ekuverenga

Johane 4:23-24

**VaRoma 6:1-2**

Zvino fichatiiko? Torambira muzvivi kuti nyasha dziwande here. Haisva isu takafa muzvivi fichagara Seiko mukati mazvo...

Vanhu vakawanda vanofunga kuti nyasha dzaMwari idzo dziri pamusoro pehupenyu hwavo, dzinovapa kodzero yekurarama hupenyu hwavo vachiita zvavanoda uye vachiita zvivi. Aya manyepo akakurisisa. Hakuna kodzero yakadaro, ingabvumire vanhu kuti vararame hupenyu hwavo madiro avanoda vasingatevere shoko raMwari, kwete. Nyasha dzaMwari dzinongopamunhu simba rekuregera kuenderera mberi achiita zvivi. Ndirikuti, hausiriwe unozvimisa kuita zvakaipa asi kuti mweya waMwari arimauri ndiye anokuudza kuti umire kuita zvivi. Saka unofanirwa kuita sei kuti umire kutadza?

Gara uchiverenga nekufunga pamusoro peshoko raMwari kana uchida kukura munyasha dzaMwari. Ukadaro unoono wave kushaya hanya nezvinhu zvawaimboita kare kana kuda kare, izvo zvaive zvakaipa zvichikupesana nekuda kwaMwari. Pfungwa dzako dzinoshandurwa neshoko iri kwotanga zvakare kuva neshanduko muhupenyu hwako zvichibvira mukati zvichienda kunze.

Mudikani Gehena ririko uye unofanirwa kutora matanho ekuona kuti hauendeko, Gehena harina kugadzirwa vanhu vaMwari! Handisi kukutyichidzirai kwete. Ichi ndichochokwadi chamunofanirwa kuziva, kunyanya nyanya mazuva ano, arikungoitika zvinhu zvisinganzwisike munyika. Usawire muriva rechivi. Ndosaka Mwari vachitikurudzira kuti figare fichifunga pamusoro peshoko ravo siku nesikati. Mwari vaiziva kuti ukagara uri mushoko ravo, nyasha dzavo dzino wedzerwa muhupenyu hwako zvokonzersa kuti useme chivi.

Chiporofita Chekutaura

Ndakachengetedzwa naKristu mushoko ravo rakakosha. Ndinotoverengawo mukati mevana vaMwari– Gehena harineyi nehupenyu hwangu, uye harimbofa rakamedza vadikanwi vangu vakandikomberedza. Ndakasunungurwa kubva pazvivi nenyasha dzaMwari. Hareruyah!

Mavhesi Ekuverenga : Mateo 24:12

**Jakobo 2:19**

Iwe unotenda kuti Mwari ndiye mumwe chete unoita zvakanaka, mweya yakakaipa inotendawo izvozvo ichidedera.

Hedzinoi nhau- Kutenda kwako haku-na zvakunoita nekuti madhimoni anotendawo zvakare zvekutoti anodedera. Vamwe vatendi hazosvika pachinhano cheudedera. Havaoshe shoko raMwari kana kupa nguva yavo unezvinhu zvedenga unyanya kunamata.

Wakamboongorora here zvinoitika pamusangano wekunamata zvichienzaniswa nemusangano weuporesa newekudzikinura vanhu? Mutsauko wemisangano iyi waakurisa zvikuru. Vanhu havade kunamata, zvinaita kunge Mwari anovamaniidza uti vanamate

Rega ndikuudze chimwe chinhu, kutenda hakushandure mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako asiutenda kwakasanganiswa neminamato uno shandura mamiriro ezvinhu muhupenyu hwao. Kunamata ndikounoratidza kuti uri ani uye ndomagariri aunofanirwa uita nekuzivikanwa pamusoro pawo.

Handidi kureva minamato iya yaunoita pemberi pevanhu ana iya yekuda kuonererwa nevanhu yaunomboita iya yaunonyatsonamata nesimba . Usaite munhu anemuurumbira weunamata paruzhinji, Vamwe vanotogadzirira Ikunamata nendimi kudzimba dzavo vachiogadzirira kuti vangangonzi vanamate paruzhinji nemusi wesvondo ana pavabnoozosangana. Hazvizirizvozvazvinofanirwa kunge zvirir. Unofanirwa kukoshesa nguva yekunamata uye unamate nemwoyo wako wese, Kubudirira wao unobva mukunamata wako

Chiporofita Chekutura

Ini ndakakomborerwa nekuti ndinogara ndichinamata nguva dzese. Hupenyu hwandiri kurarama izvezvi huri kubva muminamato, uye ndinonyatsoziva kuti ndichapfuma chete kuburikidza neminamato iyi.

Mavhesi Ekuverenga : 1 Johane 5:14

**Marko 8: 23-25**

Akabata ruoko rwebofu akamuisa kunze kwemusha, ndokupfira mate pameso ake akaisa maoko pamusoro pake akamubvunza kana achiona chinhu. Iye akatarira akati ndinoona vanhu ndinoovaona vachifamba vakafanana nemiti. Zvino akaisazve maoko pamusoro pameso ake iye akatarisisa akaporeswa akaona zvose zvakanaka

Shoko redu ranhasi rine zvinoshamisa zvichinakidza zvakare nekuti tinonzwa murume uye akange aribofu achiti arikuona vanhu vachifamba vakafanana nemiti. Zvinogoneka sei kuti zvinhu vakadai zviitike? Zvinhu zviri paviri izvi uye kuti, urikuona here kana kuti kwete. Zvirikutsanangurwa nemurume bofu uyu zvinoratidza kuti pane zvakange zvisati zvamuka mukati make. Hongu maziso ake akange avhurika, asi akange asati ave kunzwisisa. Unona, murume uyu akange avhurwa maziso epanyama chete, asina kuporeswa pakunzwisisa kwake. Apa ndiri kuti unogona kunge wavhurwa maziso enyama asi usingaone zvirikuitika. Izvizvinhu zvandinonyatsoziva sezvo

ndichigara ndichisangana nazvo semuPorofita. Ndinogona kuona kuti munhu atora gwara risiro asi iye asingazvione. Kunyangwe ndikamuudza kuti gwara rawatora richakupa dambudziko mune remangwana iye anenge asingazvione. Kuti nyaya iyi inyatsogadzirisika uye kuti munhu anyatsoona, anofanirwa kugara achiverenga shoko raMwari. Ukatanga kuverenga nekufunga pamusoro peshoko raMwari, kunzwisisa kwako kunobva kwajeka. Muono wako unotanga zvakare kujeka, wotanga kunzwisisa zvinhu zvawaimbotadza kunzwisisa wowanagwara muhupenyu hwako. Gara uchizvitsaura kubva kune vamwe kuitira kuti uwane nguva naMwari kuburikidza neshoko ravo. Izvi ndizvo zvinogara zvichiitwa nevanhu vaMwari. Zvandiri kutaura izvi, zvinotsinhirwa nechiratidzo chakaitwa nalshe Jesu apo vakaburitsa murume uyu kubva munzvimbo maigara maange muine chita chevanhu, vachitira kuti asakanganiswe nezvakawanda. Kubvira nhasi ndinoda kuti uzviye nguva yekuzvisimbisa neshoko raMwari kuburikidza nekuverenga nekufunga pamusoro paro. Shoko raMwari rinopedza hupofu hwese hwaunogona kunge uinahwo!

Chiporofita Chekutaura

Maziso angu epanyama neepamweya anyatsovhurika zvekuti ndave kunyatsoona. Handichambopererwa muhupenyu nekuti handisisina hupofu muhupenyu hwangu. Ndirikunyatsoona mamiro akaita hupenyu hwangu muneremangwana, uye hupenyu hweumambo nezita raJesus!

Mavhesi Ekuverenga : 2 VaKorinte 4:3-4



sis 7:16

Zvose zvakapinda zvichiita mukono nehadzi zvose zvipenyu sezvaakara-irwa naMwari.Jehovha akamuzaririra mukati.

Nowa paayambira vanhu kuti kwaizonaya mvura inemafashamu akawanda, vanhu ava vaimuseka vachiti akange ave kupenga. Zvakange zviri nyore kuvanhu kuti vasiye zvinhu zviri mamiriro ezvazvakange zviri pane kuashandura. Naizvozvo vaaendera mberi nehupenyu hwavairarama vachienda kumabhawa neurarama hupenyu husina maturo kusvikira Mwari vavhara gonhi zveuti hapanazve mumwe munhu akazokwanisa kupinda muareka yaNowa.

Bhaibheri rinoti mwanakomana wemunhu achangoerekana asvika sezvakaitika mumazuva aNowa. Kwasara ngu-

va shoma yeuti nyika ichisvika pakuguma wayo. Nguva yekuti vanhu vaende kudenga yave pedyo. Mubvunzo wandiinawo wandirirkuubvunza ndewekuti WAKAGADZIRIRA HERE KUENDA KUDENGA?

Kana wati hausati wagadzirira ndirir ukukurudzira kuti upe hupenyu hwako una Kristu uye kuti uite zvakanaka. Munyika yemweya kunezviriruitika zvekuratidza kuti nguva yave pedyo yeuti gonhi richipfigwa.

Chiporofita Chekutaura

Ndakaamborerwa zvikuru kuti ndinge ndichirarama mazuva ano ekupedzisira kwenyika sezvo zvichaita kuti ndiudze vanhu vakawanda pamusoror penhau dzakanaa dzamambo Jesu Kristu. Vanhu vakawanda vachatendeuka nekuti ndirimutendeutsi wevanhu. Mwari ngaakudzwe!

Mavhesi Ekuverenga

Mateo 24:37-39



Mapisarema 2 vs 2

Madzimambo enyika anozvogadzira vabati vanorangana kuzorwa na-Jehovha nemuzodziwa wake vachiti ngatidambure zvisungo zvavo ngatirase mabote avo abve patiri...

Shoko redu ranhasi rinotiratidza kuti Madzimambo nanaMambokadzi uye nehurumende nevanezvinzimbo zvepamusoro vane hurongwa hwekurwisa Ishe Jesu krisu nevanhu vavo. Zvinhu zvakaoma zvirikuitika izvi. Uone kuti maKristu acho arikupedza nguva yakawanda achirwira kuti zvinhu zvi-anakire kana asiri kudaro arikuita basa rekurwisana nemamwe maKristu. Mune dzimwe dzimba varikupedza nguva vachinetsana pamusoro petunyaya tusina maturo koti vamwe varikupedzera nguva yavo varipamasaisai einternet uye vamwe vanhu variungosiyiwa vachiita zvinhu zvisinha hunhu. Vaparidzi vesh-

oko raMwari, varume zvese nevanhukadzi varikuitwa mapenzi, vachiitwa dambe navo neveruzhinji- Vanhu vaMwari varikutambwa navo, kuitwa jee rakakurisa, vanhu vachiseka asi Mwari haasikusekerera kuitwa kwe zvinhu zvakadai. Ndirirkupayambiro yekuti patirikupedza nguva muhupenzi hwakadai uhwu, rima riri kuwana simba uye riri kutekeshera munzvimbo dzakawanda sezvo vanhu vasisirikukoshesa nguva yatave parizvino, kunova umira pamukana takamiririra Ishe Jesu nehushe hwaMwari. Kune vanhu varipazvinzimbo zvepamusoro variurwisana nekereke yaMwari asi hatiskuzviona. Tirikugara mumazuva ekupedzisisira sekutaura kwandamboita. Zvichaoma uraramahupenyu semuKristu mumazuva ariutevera zvekuti titiri kufanirwa kubatana sevatendi - Uchamiririra mamwe maKristu here ? Uchamiririra Kristu here?

Chiporofita Chekutaura

Ndinoziva kuti ndiri ani, uye ndinonzwisisa chikonzero chandakasikirwa. Ini ndakamirira chiKristu. Ndakamiririra vadikani vangu muna Kristu. Ndinotonga munyika mangu, pamusoro pevabati vese vemabasa akaipa. Kristu achakunda. Shoko raMwari richakunda nezita raJesu!

Mavhesi Ekuverenga

1 Petro 2:9

**Ruka 24:47**

Kuti marudzi ose aparidzirwe nezita rake kutendeuka nekukanganwirwa zvivi vachitunga paJerusarema.

Ndinoda kuti udzidze chimwe chinhu chakakosha kubva mushoko redu ranhasi. Unoona, maKristu anowanzoa sanganisa kuregererwa nekukanganwirwa kwezvivi vachifunga kuti zvinhu izvi zvakafanana. Kwete, izvi zvinhu zviviri zvakasiyana. Rega ndikusham-ise apa. Mwari havana kuti regerera zvitadzo zvedu kwete. Zvitadzo zvedu zvakabhadharirwa nalshe wedu Jesu nekutifira kwavakaita. Rega ndikutsanangurire kuti ndiri kuti chii usati wavhiringika. Kuregererwa kwakanga kusingaitwe pachena. Waitofanirwa kubhadharirwa kana kuripirwa, uye Ishe Jesu ndivo vakaitwa mubhadharo wekutadza kwedu nekuti vakatakudzwa charango chaifanirwa kuuya

pamusoror pedu. Naizvozvo hatina kurangwa sezvataifanirwa kuitwa, nekuti pane mumwe munhu akapinda pamukana akatibhadharira pakudarika kwedu.

Pane musiyano apa. Ukaregererwa pakaine chawakanganisa, panosara paine zvinenge zvakanyorwa zvinotaura pamusoror pemhosva yaunenge wapara, kunyangwe waripa mhosva iyi uye vanhu vanoziva zvese zvavakaita. MuchiGiriki mune vara rinonzi aphesis uye rinoreva "kuregererwa kwezvivi uita sezvisina kumboitika". Kudzimwa kwezvivi zvacho zvachose zvekuita kunge zvisina kumboitika. Hakuna chinyorwa chinosara chichiratidza kuparwa kwezvitadzo zvacho, uye ichi ndicho chipo chataawana kuburikidza nekuroverwa kwakaitwa Ishe Jesu pamuchinjwa! Naizvozvo, pemberera! Ishe Kesu Havana kungobhadhara muripo wezvivi zvedu asi kuti zvakabva zvadzimwa zvachose!

Chiporofita Chekutura

Ndasunungurwa kubva pahusungwa hwese. Hakusisina chinyorwa chichiripo pamusoro pezvitadzo zvangu zvese. Ndakatanga hupenyu hutsva handisisina mitoro yezvivi ichandiremera. Ndinokutendai Ishe Jesu!

Mavhesi Ekuverenga : Mapisarema 103:12

**MaHebheru 5:12**

Nokuti kunyangwe maifanira kuva vadzidzisi zvino, kana tichitarira nguva, mofanirazve kutimuve nomumwe anokudzisisai zvidzidzo zvekutanga zvekuvamba kwezvirevo zvaMwari, mavavanhu vanofanira kupihwazve mukaka vasingapihwe zvokudya zvikukutu.

Ukuutaurwa kwakasimba wakaitwa namuApostora Pawuro. Pafunge kuti Mwari vanoda kuti mumwe nemumwe wedu arikuverenga rugwaro rwuno kuti ave mudzidzisi weshoko ravo! Uye varikuti paunenge wakufanirwa kunge wave nyanzvi mushoko ravo, une mumwe zvakare munhu anofanirwa uudzidzisa pamusoror peshoko ravo nzvakare. Izvi zvinoita kuti pawaifanirwa urumurwa wochidya nyama, unenge wave kupihwa zvakare mukaka seka-cheche.

Ibasa rako uona kuti unokura muzvinhu zvaMwari nemumirairo yavo. Parizvino, muKristu wese akufanirwa kunge ava mudzidzisi weshoko raMwari nekuti pane zvakawandisisa zvakadzidziswa pamusoror peshoko iri zvitoripo uti zvishandiswe mukudzidzisa shoko irir chero ripi zuva kana nguva. Asi, haumbofa wakava mudzidzisi weshoko anogona kana muporofita muapostora kana muKristu anoghona ana usingazive zvekutanga zvirir maererano nechitendero chechiKristu. Saa ndirir uuurudzirwa kuti utsvakurudze zvinhu izvi uzvize ukure muchiristu. Tevera nekutevedzera zvinoitwa nemunhu waMwari arimuhupenyu hwako ugodzidza kubva kwaari. Uri mudzidzisi weshoko raMwari achirir kukwenenzverwa iwe!

Chiporofita Chekutura

Ini ndakagadzirwa ndiri mushoko raMwari, saka hapana chinondizungunutsa. Ndakakomborerwa zvakare kuti ndive mudzidzisi weshoko raMwari, uye ndinonyatsoziva kuti shoko raMwari ndinoriparidza sei kuitira kuti ripararire rienda kunzvimbo dzakasiyana siyana, nezita raJesu!

Mavhesi Ekuverenga

2 Timotio 2:15



1 Johane 1:10

Kana tichiti hatina kutadza tinomuita murevi wenhema, neshoko rake harizi matiri

Pfungwa iripo mushoko redu ranhasi ndeyekuti tibvume hutera hwedu pamberi paMwari tichibvuma kuti kana iye asipo hapana chatinogona kuita. Ukatadza kureurura zvitadzo zvako kuna Mwari, unenge usina kutendeuka.

Handisis kuti unofanira kureurura zvitadzo zvako pambero penyika yese kwete, kana kuti uzivisa pa social media kuitira kuratidza zvechokwadi kuti watendeuka, kwete. Hamheno kuti sei zvichidaro asi maKristu akawanda anofarira kuti vanhu vatambire Ishe Jesu pamberi peruzhinji vachifunga kuti ndizvo zvinotratidza kuti munhu atendeuka. Uunge, unogona kutambira.

ra Ishe Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako pamberi pechivhithi, zvichitoshanda.

Kana wabvuma zvaunenge watadzira Mwari, enderera mberi nekushandisa kodzero yako semwana waMwari akawaniwa nyasha naMwari uwane rudo rwake uye nekuregererwa kwezvivi—anova ndiwo mabasa enyasha! Izvi ndizvo zvakavingwa nalshe Jesu pano panyika.

Chiporofita Chekutura

Nhasi ndirikubvuma zvitadzo zvangu zvese pamberi paMwari. Ndinobvuma zvakare kuti ndisina Mwari hapana chandinogona kuita. Ndinokutendai Ishe pamusoro penyasha dzamunondipa uye dzinogara dziripo nguvadzose nezita raJesu!

Mavhesi Ekuverenga

MaHeberu 4:16

**Zvirevo 6:31**

Asi ana akabatwa anofanirwa kudzosera zvava zvinomwe anofanira kuripa nepfuma yose yeimba yake.

Vanhu varikupedza nguva vachikumbira mari kuna Mwari, iyo yakabiwa naSatani. Bhaibheri ririkuti vhura meso ako, ziva akakubira umutorere! Wakuziva mbavha yakaubira mari yako, chiiita kuti ikudzosere, nezvese zvayakakubira. Inzwa unzwe zvinotaurwa nemuApatora Pawuro; Mabasa EvaApatora 16:35-37

Zvino wakati waedza vatongi vakatuma mapurisa vachiti sunungurai vanhu ava murindi wetorongo akaudza pauro mashoko iwayo achiti vatongi vatuma shoo kuti musunungurwe naizvozvo budai zvenyu zvino muende neruigare Asi Pawuro wakati wavari vakatirova pache-na isu vanhu vaRoma tisina kutongwa vakatiisa mutirongo zvino voda utiburit-

sa chinyararire here aiwa kwete ngavauye vamene vatiburitse. Vakomana, vakomana, urikuzviwonawo here izvi? Pawuro arikutaura kodzero dzake achiti mutongi wemhosva uyo akamupinza mutirongo asina mhosva yakange apara ave ndiye anouya kuzomubuditsa mutirongo iri, kwete mumwewo munhu. Kutaura chokwadi, murume anonzi Pawuro uyu, aiziva kodzero dzake, aida kuti mbavha ibhadhare zvayakange yamutorera. Hareruya! Newewo tora zvawakabirwawo, uye ushandise chitsimba kuita izvi! Nyatsomuudza Satani kuti adzose zvese zvaakakubira, mufaro wako, runyararo, hutano, mari zvese zvaakatora ngaadzose ZVAKAWEDZERWA usamujaidze. Ngaadzose zvaakaba zvakapetwa kanomwe!

Pakunyadziswa kwese kwawakaitwa uriparuzhinji, uchakomborerwa nekusimudzirwa paruzhinji zvakapetwa kanomwe nezita raJesu!

Chiporofita Chekutaura

Ini ndiri guta risinga hwandisike. Munhu wese achaona kusimudzirwa neku-komborerwa kwangu. Kunyadziswa kwangu kwese kwave kushandurwa kuchiita makomborero angu achazivikanwa nevese. Hareruya!

Mavhesi Ekuverenga

Mateo 5:14



Genesesi 28:3

Mwari wemasimba ose ngaakuropa-fadze, akuberekese vana akuwanze kuti uve ndudzi zhinji dzavanhu;

Shoko rinonzi "shaddai" rinoreva kuva nemazamhu akawanda. Zvinoreva kuti Mwari anezvese zvaunoda uye zvakawandisa. Ukaongorora zvirir-mumukaka waamai vanoyamwisa, unoono kuti mukaka uyu, unezvese zvinodikanwa kuti mwana anoyamwa awane hutano hwakanaka, akure zvakanaka akasimba zvakare. Mwana uyu akanyatsoyamwa mukaka wakawanda, mukaka wacho unobuda wakawandawo, asi akashaya hanya nawo, mukaka uyu unobva watanga kupera.

Zvimwe chetewo naMwari avo vane zvakawandisa zvezvatinoda uye zviniofachukira. Ukasakumbira maropafadzo

ako kubva kuna Mwari, makomborero ako anogarawo akadaro asina anoatora zvakare usina.

Saka ziva kubvira nhasi kuti hazvisi muhurongwa hwaMwari uti uve mu-shayi kwete. Kutozvikinganisira kwaunenge uchizvitira kuti utambudzike ushaye kana kuwana zvisihoma.

Ndinoda uti kubvira nhasi utore makomborero ako nezvese zviri zvako! Uriwamwari iwe, uye vaMwari havatambudzike. Unababa vanezvakanandisisa zvino fachukira zvinofanirwa kuuya kwauri

Chiporofita Chekutura

Baba vangu vekudenga vakatondipa zvakanandisisa zvinofachukira, zvekuti ndine zvese zvandinoda muhupenyu .Mbiri ngaiende kuna Mwari!

Mavhesi Ekuverenga

2 VaKorinte 9:8



Mabasa EvaApostora 4:31

Zvino vakati vanyengetera nzvimbo yavakanga vakaungana pairi ikazungunutsa vakazadzwa noMweya Mutsvene, vakataura shoko raMwari vasingatyi.

Pane chinhu chimwe chete chinogara chichikanganiswa nemaKristu akawanda uye ukukufunga kuti haana simba. Handizive kuti sei zvichidaro, asi kazhinji kwazvo, ndichinzwa vanhu vachinamata kuna Mwari vachikumbira kuti vapihwe kushinga.

Shoko redu ranhasi ririkusimbisa kuti Mweya Mutsvene ndiye anopa mweya wekushinga, ipapo paunomugamuchira. Kuvanehushingi ndicho chiratidzo chekutanga chekuti munhu ana Mweya Mutsvene. Muvhesi redu ranhasi Mweya Mutsvene akazviratidza kuti akange aburukira vanhu vainamata

ta vachikumbira kuti auye, kuburikidza nekuva kwavo nehushingi hwekuparidza shoko vasingatyi. Hapana chikonzero chiripo chekuti munhu anamate achikumbira hushing nekuti kana mweya waMwari arimo mukati mako, unobva watowana kushinga. Hapana chinombokutsyisa, kana kukuzungunutsa. Hushingi hwedenga hunoparadza manyepo ese uye hunoratidza chokwadi chaMwari chizere kuburikidza nekutaura zvinhu sezvazviri zvisinei nemamiriro anenge akaita nyaya, kunyangwe zvinhu zvinenge zvakaoma kutaura vpamusoro pazvo. MaKristu anenge aine hushing anoratidza kuti anenge aine mweya mutsvene maari. Ndinoda uti uzive kubvira nhasi kuti una mweya mutsvene mukati mako uye uti ndiye anokupa hushing. Rega kutya. UriwaMwari uye hausi wega!

Chiporofita Chekutura

Ini ndikamira neshoo raKristu. Handivhundutswe nezvakandikomberedza neuti ndizere naMweya Mutsvene. Handisi ndega Ndinogara ndakatsigirwa nedenga nguva dzose. Ndakashinga!!

Mavhesi Ekuverenga

Zvirevo 28:1

**Mateo 18:15**

Kana hama yako yakutadzira, enda umuudze mhosva yake iwe naiye muri moga , kana akakunzwa wadzora hama yako

Shoko redu rechiporofita ranhasi riri pachena. Ririrkuti kana paita dambudziko pakati pako nemumwe mutendi, enda kwaari motaurirana mopedzerana muri moga.

Nyaya yavapo mazuva ano inosiririsa zvikuru ndeye social mediayiyo iriuonzeresa kuti maristu aawanda aita katsika akaipa. Unona handzvadzikomana nehandezvadzisikana muna Kristu vachirwisana pamasaiisi einternet, pamberi penyika yese. Vatendi unovaona vachishambadza kuipa kwevamwe vatendi pachena, vachiratidza kutsamwa kwavanenge vaita uburikidza nekutadzirwa kwavanenge vaitirwa. Kunyangwe vanhu vaaroorana unona vachishambadza nyaya dzavo

pachena wo paadaro pane kutsiurana nekkutaurirana muchivande. Uita wakadai uu hauenderane neshoo raMwari kwete. Mushoko redu ranhasi Mateo ari kuti kana vanhu vakanganisirana ngavataurirane muchivande. Usatendere kuti basa raMwari rishoreke neutadza kwako uzvibata, uchidza vanhu vese pamusoror pehuteru hunenge huine vamwe vatendi. Chandinokurudzira ndechekuti pane kuti udaro, fonera vanhu vacho kana kuva nyorera tsamba wovaudza zviru kukunetsa pane kuvafumura nenzira yakadaro. Ziva kuti chese chaunouita uine rudo chinoita zvibereko. Kana urimuKristu wechokwadi, unoita shungu dzekuti dambudziko rinenge riine mumwe muKristu rigadziriswe zvakanaka, uye haushambadzire huteru hwake pane veruzhinji.

Ichi ndicho chiKristu chechokwadi.

Chiporofita Chekutura

Ni ndirimuchengetedzi wehama dzangu dzese muna Kristu. Ndinochengetedza vese vandakapihwa naMwari semhuri yangu munashe. Ndichaenderera mberi ndichifamba murudo uye zvichagara zvakadaro nekusingapere nezita raJesu!

Mavhesi Ekuverenga

VaGaratia 6:1

**Mabasa 10:4**

Iye akamutarisira akatya akati: Chinyiko Ishe? Akati waari:Minyengetero yako nezvipo zvako zvakwira pamberi paMwari, zvarangarirwa

Unombofungawo here kuti chii chaurugona kuita kuitira kuti Mwari vakurangerire? Kunyanya nyanya panguva iya yaunombonzwa kunge vasitombori pedyo newe. Chokwadi ndechekuti Mwari vakatotirangarira zvakapere-sesa, sezvo vachigara mukati medu. Vaatotipa zvese zvingadiwe muhupenyu hwedu ubuiridza nekugara kwavanoita matiri. Ndizvozvo.

Asi shoko redu ranmhasi, rinoti pidigurei mamiriro ezvinhu aripo, neuti rinoratidza uti pane zviniofanirwa kuitwa kuti denga ritirangarire. Murume anonzi Koneriyasi aipa zvipo kunaMwari zvekuvarangarira nguva dzose, uye izvi

zvakkashandura mamiriro ezvinhu. Une shoko rechiGiriki rinonzi memorial uye rinoreva uitwa kwechinhu uchirangarira munhu ana chinhu chakaukoshera. Zvinoreva uti une zvaitwa nguva nenguva zvaaita kuti pave neminamoto nemipiro yaikwira ichienda kudenga. Murume uyu ainamata uye pese paaita izvi aisanganisa minamoto yake nezvipiriso, zvekuti kana nedenga rakabva ramucherechedza, akarangarirwa.

Unogona unamata uchipa zvipiriso (usaite chimwe uchiregera uita chimwe) zvekuti zvinokwira kuenda kudenga zvoonekwa naMwari, zvoita kuti Mwari vakucherechedze nekukuitira zvinhu zvakawandisisa.

Shongedza minamoto yako nekupa zvipiriso. Zvinoita kuti denga rirambe richikurangarira nguva dzose!

Chiporofita Chekutaura

Nhasi ndiri kusanganisa minamoto yangu nezvipiriso. Hupenyu hwan-gu hurir kuzosimukira zvekuti ndicharangarirwa. Ini ndakakomborerwa, zvekugara ndichirangarirwa nedenga, nezita raJesu!

Mavhesi Ekuverenga

Mateo 26:7



OSBORN INSTITUTE
of THEOLOGY

CERTIFICATE / DIPLOMA

1ST SEMESTER STARTS

1 MARCH 2021



ENROLMENT NOW OPEN

